



Pwogram Early Head Start (Avans Bonè) ki fèt nan Kay



PREPARASYON POU LEKÒL KÒMANSE LA A.



Kisa Pwogram ABCD Early Head Start ki fèt nan Kay la ye?

Early Head Start (Avans Bonè) ki fèt nan Kay se yon pwogram ki resevwa finansman federal kote yo vizite lakay ki travay ak fanm ansent, tibebe, timoun piti, ak fanmi yo pou ede yo prepare pou lekòl, byennèt fizik, ak devlopman kognitif ak sosyo-emosyonèl timoun.

Pwogram Early Head Start ki fèt nan Kay la Ofri Sèvis sa yo Lakay ou:

Edikasyon:

Yon Vizitè Kay ak fanmi timoun nan travay ansanm pou kreye eksperyans aprantisaj ak bagay timoun nan abitye ak yo lakay la ak nan kominote a. Yo ajoute eleman Entèvansyon Bonè, objektif yon Plan Sèvis pou Fanmi Endividyèl (Individual Family Service Plan, IFSP) yon timoun nan eksperyans edikasyon timoun nan si sa nesèsè.

Pandan vizit nan kay chak semèn ki dire 90 minit la, Vizitè Kay yo pral pataje resous ak ede fasilite aktivite ki ankouraje diferan kalite eksperyans pou aprann ki pral ede chak timoun grandi ak devlope, pandan y ap soutni wòl enpòtan paran / responsab legal yo kòm premye pwofesè piti yo.

De (2) fwa pa mwa, chak fanmi patisipe nan yon gwoup sosyalizasyon ki dire dezèdtan nan yon Sant Early Head Start pou kontre ak lòt fanmi k ap resevwa sèvis lakay yo tou. Rankont sa yo se yon opòtinite pou timoun yo ak fanmi yo aprann youn nan men lòt ak fè zanmi.



Gen espesyalis nan ekip la ki devwa espesyalman pou soutni edikasyon timoun ki gen bezwen espesyal yo, ansanm ak fanmi yo.

Sante Fizik ak Sante Mantal ak Nitrisyon:

Nou fè tès zòrèy, zye, ak nitrisyon pou timoun yo chak ane. Nou ofri fanmi yo sèvis ki apwopriye, referans, ak resous pou soutni sante pitit yo lè yo bezwen. N ap bay yon ti goutte ki bon pou lasante pandan gwoup sosyalizasyon yo. Pwogram nou yo travay avèk chak fanmi pou asire nou bay bezwen kiltirèl yo valè epi nou adapte rejim alimantè espesyal yo. Manm pèsònèl sante ak nitrisyon yo ofri fanmi yo enfòmasyon ak yon diferan opòtinite pou aprann fason pou viv an sante pandan y ap patisipe nan devlopman fizik pitit yo.

Yon pwofesyonèl sante mantal disponib pou bay sèvis sante mantal pou timoun yo ak fanmi yo.





Soutyen pou Fanmi:

Vizitè kay yo ak lòt manm pèsònèl nan travay avèk chak fanmi pou kreye yon patenarya pou reyalize objektif paran yo devlope. Vizitè kay yo bay resous ak referans, entèvansyon kriz, ak soutyen pou fanmi ki reflekte bezwen yo ak enterè yo. Yo ofri opòtinite pou paran yo konekte youn ak lòt, ak pwogram nan, ak kominote a an jeneral, ak yon konsantrasyon sou sipò pou devlopman fanmi an sante, lidèchip, al konpetans nan travay.

Angajman Paran & Kontwòl Pwogram nan:

Angajman paran se yon pati esansyèl nan pwogram nan. Early Head Start se yon patenarya ak paran yo pou ede pitit yo aprann. Paran yo kapab fè pati planifikasyon pwogram nan kote yo patisipe nan reyinyon yo epi yo bay fidbak sou sèvis nou bay yo. Anpil paran sèvi kòm Manm Konsèy Politik Paran ak / oswa Komite Paran yo, kote yo gen yon vwa nan desizyon yo ka planifikasyon pwogram yo. Epi tou, yon lòt fason paran yo patisipe nan aprantisaj pitit yo se lè yo fè benevola nan pwogram nan, ale nan sòti akademik, patisipe nan klas, gwoup, oswa atelye, ak fè plis aktivite nan kay la apre vizit an kay Early Head Start la.

Kijan pou mwen aplike?

Si ou gen yon timoun ki gen 2.9 ane oswa pi piti, ou ka kalifye pou opsyon ki fèt nan kay la. Nou aksepte aplikasyon pandan tout ane a. Pou pwograme yon randevou pou ranpli yon aplikasyon ou kapab:

- Rele oswa ale nan biwo lokal pwogram ABCD Early Head Start ou a.
- Rele biwo Santral nou an nan 617-348-6388.
- Voye yon imèl ba nou nan headstart@bostonabcd.org

Lè ou pran yon randevou pou ranpli yon aplikasyon y ap mande pou ou bay dokiman sa yo:

- Prèk laj pitit ou: Batistè, sètifika batèm, paspò oswa dosye lopital;
- Prèk kote li rete: Bòdwo sèvis piblik, resi/kontra lwaye, lèt yon abri, etadkont kat kredi, etadkont labank ki montre ki kote ou abite.
- Prèk revni fanmi an: Fòm deklarasyon taks, souch chèk, lèt TANF/TAFDC, lèt SSI, konpansasyon travay oswa deklarasyon chomaj, sipò timoun oswa akò pou pansyon alimantè ki montre konbyen revni fanmi an ye pa ane ak tout sous.



Kisa ki pral pase si yo aksepte pitit mwen an?

Nou pral rele ou nan telefòn epi ekri ou pa lapòs si yo aksepte pitit ou a.

Paran / responsab legal tout tibebe ak timoun pitit yo aksepte nan pwogram Early Head Start la dwe kontre ak Manadjè Sante ak Nitrisyonis la pou fè yon entèvyou konplè sou sante ak nitrisyon avan sèvis nan kay yo kòmanse.

Pwosesis enskripsyon an ka ale pi vit si ou bay pwogram nan enfòmasyon sa yo pi vit posib:

- Yon kopi dosye vaksinasyon pitit ou, dènye egzamen fizik (ki date nan dènye 12 mwa yo) ak yon Evalyasyon Risk pou Tibèkiloz. Dokiman sa yo ka nesèsè avan yon timoun ap ka kòmanse;
- Yon kopi dènye egzamen dan pitit ou. Timoun yo bezwen fè yon egzamen dan 90 nan 90 jou apre enskripsyon an. Si pitit ou a pa gen yon dantis, ou ka bay konsantman pou li resevwa swen dan nan pwogram nou an atravè Sèvis Swen Dan Mobil la.
- Si pitit ou a gen yon pwoblèm sante oswa yon kondisyon espesyal, ou pral bezwen ranpli lòt fòm avan n ap ka enskri li. Kontakte manm pèsònèl pwogram nan sou fòm ou menm ak doktè pitit ou pral bezwen ranpli yo.
- Si pitit ou a gen bezwen espesyal, l ap enpòtan pou bay pwogram nan yon kopi IFSP pitit ou.

Aprè ou fin bay dokiman pitit ou a pou pwogram nan, men sa ki pral pase:

Vizit Lakay ou:

Vizitè Kay pitit ou a ap rele ou pou pwograme yon vizit lakay ou. Rezon yo pral vizite lakay ou premye fwa a se pou aprann sou enterè ak aktivite pitit ou a, pou ranpli fòm evalyasyon Laj ak Etap yo, ak pou diskite sa ou ta renmen pitit ou reyalize pantan tan li nan Early Head Start.



Oryantasyon Pwogram nan:

Chak fanmi pwograme pou patisipe nan yon oryantasyon nan pwogram yo a pou garanti ou enfòmè sou sèvis yo pral ofri ou yo ak kijan ou kapab patisipe nan edikasyon pitit ou. Oryantasyon an se yon opòtinite pou paran yo kontre ak manm pèsònèl pwogram nan, aprann sou politik ak pwosedi pwogram nan, epi tandè tout opòtinite enteresan ki disponib yo!

Angajman Paran San Rete ak Patenarya ak Manm Pèsònèl la:

Nou ofri sipò ak ankourajman pou paran yo patisipe nan tout pati pwogram nou an. Nou ankouraje paran yo pou yo ofri tèt yo kòm benevòl nan nan pwogram nan, epi patisipe nan sòti lekòl, ansanm ak reyinyon ki fèt regilyèman yo, atelye ak lòt opòtinite edikasyon paran nou swete paran yo ap patisipe. Sa ki pi enpòtan, fanmi ak manm pèsònèl la kreye yon patenarya youn-a-youn pou soutni objektif ou genyen pou pitit ou ak fanmi ou.

PREPARASYON POU LEKÒL KÒMANSE LA A.

Yvette Rodriguez

Vis Prezidan,

ABCD Head Start ak Sèvis pou Timoun

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte:

Administratè ERSEA a

617.348.6388



**ABCD Head Start ak Sèvis pou Timoun se yon pwogram Action for Boston
Community Development (Aksyon pou Devlopman Kominote nan Boston)**
178 Tremont Street • Boston, MA 02111 • 617.348.6000 • bostonabcd.org